



Li **POU** Pitit-ou

Lè wap seleksyone bon liv, chwazi pami plizyè varyete liv!

Chwazi yon kote konfòtab, yon kote nou ka chita ansanm epitou fè lekti:

- Liv nou prefere ak nouvo liv
- Liv pitit ou poko ka li ak/oswa konprann
- Istwa ak tèks enfòmasyon
- Liv, revyi, atik
- Liv ilistrasyon bon pou tout laj!

Anvan lekti	Pandan lekti	Apre lekti
<p>Pran yon moman pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pale sou otè liv la/ilistratè • Pale sou tit liv la epi sou ilistrasyon kouvèti liv la • Fè prediksyon sou sijè liv la • Konekte ak esperyans ou fè anvan oswa ak liv similè 	<ul style="list-style-type: none"> • Li ak espresyon; eseye itilize diferan vwa, chanje vwa ou ...amize ou! • Gade ak anpil atansyon epi pale sou ilistrasyon liv la anvan ou li paj-la oswa apre ou finn li paj la • Di ak yon vwa fò sa ou panse anmenmtan fè istwa a gen yon sans. Egzanp: <ul style="list-style-type: none"> ○ <i>Sa fè m chonje liv sa Oswa yon tan lè ...</i> ○ <i>Mo sa-yo oswa ilistrasyon sa fè m santi m ...</i> ○ <i>Tann, mwen konprann. Annou reli pasaj la ankò ...</i> 	<p>Pale sou liv la. Sa tou osi enpòtan ke fè lekti liv la! Pale sou bagay tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sou kilès yo pale spesyalman nan liv la? • Ki kalite moun pèsonaj la ye? Kisa ki fè ou panse sa? • Èske pèsonaj la chanje diran istwa a? • Kisa otè liv la vle nou chonje oswa aprann? • Kisa ou te konnen deja? Èske ou aprann yon bagay nouvo?